



# Plan Daksyon Transpò Blue Hill Avenue

## Join Nou nan yon Evènman Kominotè sou Draft Design la

Tanpri ale nan [mbta.com/BlueHillAve](http://mbta.com/BlueHillAve) pou gade enfòmasyon sa yo an Kreyòl Ayisyen, Espanyòl, Kreyòl Cape Verdean, Vyetnamiyen oswa Pòtigè. Pou mande tradiksyon nan lòt lang, tanpri kontakte [BetterBusProject@MBTA.com](mailto:BetterBusProject@MBTA.com).

Visite [mbta.com/BlueHillAve](http://mbta.com/BlueHillAve) para ver esta información en español, criollo haitiano, criollo caboverdiano, vietnamita o portugués. Para solicitar la traducción a otros idiomas, póngase en contacto con [BetterBusProject@MBTA.com](mailto:BetterBusProject@MBTA.com).

Acesse o site [mbta.com/BlueHillAve](http://mbta.com/BlueHillAve) para visualizar estas informações em português, espanhol, crioulo haitiano, crioulo cabo-verdiano, ou vietnamita. Para solicitar a tradução em outros idiomas, envie um e-mail para [BetterBusProject@MBTA.com](mailto:BetterBusProject@MBTA.com).

Favor di entra na site [mbta.com/BlueHillAve](http://mbta.com/BlueHillAve) pa odja es informason na crioulo cabo-verdiano, Spanhol, Kriolu di Haiti, Vietnamita, o na Portugues. Pa pidi traduson na otu língua, favor di kontata [BetterBusProject@MBTA.com](mailto:BetterBusProject@MBTA.com).

Vui lòng truy cập [mbta.com/BlueHillAve](http://mbta.com/BlueHillAve) để xem thông tin này bằng tiếng Việt, tiếng Tây Ban Nha, tiếng Haiti Creole, tiếng Creole Cape Verde hoặc tiếng Bồ Đào Nha. Để yêu cầu dịch sang các ngôn ngữ khác, vui lòng liên hệ [BetterBusProject@MBTA.com](mailto:BetterBusProject@MBTA.com).

## Jounen Pòt Ouvèt Kominotè

Adrès Evènman an	Dat	Lè
<b>Sportsmen's Tennis and Enrichment Center</b> 950 Blue Hill Ave Dorchester Center, MA 02124	Madi, 19/11/2024	5:30 pm - 7:30 pm
<b>Grove Hall Branch of the Boston Public Library</b> 41 Geneva Ave Dorchester, MA 02121	Jedi, 21/11/2024	5:30 pm - 7:30 pm
<b>Josh Kraft Mattapan Teen Center – Boys and Girls Clubs of Boston</b> 10 Hazleton St Mattapan, MA 02126	Mèkredi, 4/12/2024	5:30 pm - 7:30 pm

## MBTA ak Meri Boston fè yon patenarya ansanm pou Plan operasyonèl Transpò pou Avni Blue Hill.

Plan an gen ladan yon pwojè konsepsyon konsèp pou Blue Hill Avenue ant Warren Street ki nan Grove Hall ak River Street ki nan Mattapan Square. Yon nouvo konsepsyon miltifonksyonèl pral genyen yon wout bis santral pou plis pase 40,000 moun ki monte bis ki vwayaje sou Avni Blue Hill chak jou lasemèn, epi li pi byen defini espas pou chofè yo ak pyeton yo, konsa li ofri yon eksperyans ki pi sekirize, pi trankil pou tout moun.

[MBTA.com/BlueHillAve](http://MBTA.com/BlueHillAve)





# Plan Daksyon Transpò Blue Hill Avenue

*Join Nou nan yon Evènman Kominotè sou Draft Design la*

## Gade Plan Konsepsyon an epi Pataje Pwennvi W

Aprè plizyè ane angajman avèk rezidan yo ak biznis lokal yo, MBTA ak Meri Boston vrèman kontan prezante plan konsepsyon pou Avni Blue Hill la. MBTA ak Meri Boston te egzamine opinyon piblik la epi mete l an pratik nan plan konsepsyon pou Avni Blue Hill la, ki vin yon avni ki pi an sekirite, pi byen konekte e pi dinamik. Konsepsyon bouyon an genyen ladan:

- Espas nan lari a ki vin amelyore pou moun k ap mache, kondui, k ap pran transpò ak pou siklis yo
- Wout bis santral ki gen yon seri platfòm anbakman avèk espasabri ak nouvo ekipman, ki redui jiska 15 minit nan tan trajè bis yo
- Amelyorasyon limyè sikilasyon ki pral priyore bis yo epi redui reta akoz blokis
- Sekirite pyeton amelyore, sa gen ladan 14 nouvo pasaj pyeton pou pi piti
- Pou pi piti 150 pyebwa an plis
- Nouvo ekipman tankou limyè, ban, espas pou pake bekàn, ak plis bagay ankò



Patisipan yo nan Jounen Pòt Ouvèt Mattapan lan nan mwa Jen 2024 kote yo te pataje sa yo panse ak espwa yo pou Avni Blue Hill.

## Genyen plizyè fason ou kapab pataje pwennvi w sou konsepsyon an:

- **Vizit Chantye Kominotè yo: Vin ansanm avèk Nou!** Nou ap kolabore avèk òganizasyon lokal yo pou òganize plizyè Vizit Chantye Kominotè, k ap bay tout moun posiblite pou aprann plis sou plan konsepsyon an pou diferan twonson nan Avni Blue Hill epi pou pataje pwennvi ou avèk ekip pwojè a. Vizite sitwèb la pou wè tout pwogramasyon evènman yo.
- **Jounen Pòt Ouvèt Kominotè: Pale avèk Nou!** Pase nan youn nan 3 Jounen Pòt Ouvèt Kominotè pou pale avèk ekip pwojè a, poze kesyon epi pataje pwennvi w.
- **Pataje Pwennvi W Anliy!** Ou pa ka patisipe nan evènman nou yo? Vizite [mbta.com/BlueHillAveSurvey](https://mbta.com/BlueHillAveSurvey) pou gade plan konsepsyon an, aprann kòman nou fè rive la epi pataje pwennvi w nan sondaj anliy lan jiska 13 Desanm 2024.
- **Kontakte nou!** Kontakte nou lè w itilize enfòmasyon kontak pi ba a pou pataje pwennvi w oswa pou pwograme youn lè pou n rankontre.



### Aprann Plis

Sit entènèt pwojè MBTA: [MBTA.com/BlueHillAve](https://mbta.com/BlueHillAve)

Sit entènèt pwojè vil Boston: [Boston.gov/blue-hill-ave](https://boston.gov/blue-hill-ave)

### Kontakte Nou

Adrès imèl MBTA: [BetterBusProject@mbta.com](mailto:BetterBusProject@mbta.com)

Adrès imèl Meri Boston: [BLUEHILLAVE@BOSTON.GOV](mailto:BLUEHILLAVE@BOSTON.GOV)

Nimewo telefòn Meri Boston: 617-635-3944